Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 239 (25968)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 26 декабр — цыппурсы мæйы 26 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХУЫРГÆНÆДЖЫ АЗ
Раззагдæртæн — хæрзиуджытæ

3 ИСТОРИЙЫ СЫФТÆЙ
Егъау иртасæнтæ

4 ФЕСТИВАЛ
"Амондыл ныхас"

Хицауадæй

Бæллицты наз бæлас

Æппæтуæрæсеон проект "Мечтай со мной" 3 азæй 17 азы онг сывæллæттæн æххуыс кæны сæ бæллицтæ сæххæст кæнынæн. Ацы проект у æппæтуæрæсеон акции "Бæллицты наз бæлас" саразæг.

Йæ нысан у, цæмæй Ног азы рæстæг фылдæр адæм баууæндой диссæгтыл æмæ зæрдæрухсæй сæмбæлой бæрæгбоныл. 2018 азы УФ-йы Президент **Владимир Путин** рахæцыд акци "Бæллицты наз бæлас"-ы фарс, æмæ уæдæй нырмæ сси традиционæмæ æрвылазон.

Стырæй, чысылæй алы адæймаг дæр цæмæдæр фæбæллы, вæййы йæм цавæрдæр нысантæ, æмæ йæ фæуырны, Ног азы йын, æнæмæнг, кæй сæхæст уыдзысты. Ахæм диссаджы рæстæг у Ног

аз. Алчидæр хъуамæ архайа сыгъдæгсæрдæ уæвын æмæ æвæрæндын хорздзинæдтыл. Хъæуы фылдæр хорз хъуыддæгтæ аразын. Дæ алыварс чи ис, æхсæнадхъуаг чи у, уыдонæн баххуыс кæнын, балæггад кæнын.

РЦИ-Аланийы Сæргъæвæрæг **Сергей Меняйло**, Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** æмæ иннæ бæрнон кусджытæ сæхæст кодтой фæкæсынхъуаг сывæллæтты бæллицтæ. Акцийы архайдтой канд цæгатирыстойнаг сывæллæттæ нæ, фæлæ Луганск æмæ Донецкы сабитæ дæр.

Сывæллæттæм уыд алыхуызон бæллицтæ. Се 'ппæтæн дæр, æнæмæнгæй, Ног азы къæсæрыл сæхæст уыдзысты. Зæгъæм, Алагиры цæрæг 17-аздзыд Ксения бæллы хуыйæн машинæмæ, Азнауры бæллиц та у — микроскоп, дзæуджыхъæуккаг 10-аздзыд Арсены æхсызгонæй хъæуы синтезатор. Запорожьейы облæст Черниговы районы цæрæг 4-аздзыд Назары та бафæндыд цавæрдæр диссаджы лæвар райсын.

Уадз æмæ Ног азы алы сывæллоны бæллицтæ дæр сæхæст уой. Уыимæ, алчидæр бæллы сабырдзинадмæ æмæ уæлахизмæ. Сыгъдæг цъæх арвы бын цæрынæй хуыздæр ницы ис.

Уæлахиз уæм не 'ппæт дæр!

ГÆБУАТЫ Галинæ

Æвзæрстыты агъоммæ

Штаб кусын райдыдта

Дзæуджыхъæуы Хъесаты Колкайы уынджы 121-æм хæдзары чи æрбынæттон, Уæрæсейы Президенты бынатмæ кандидат Владимир ПУТИНÆН Æхсæнадон æхххуысы уыцы регионалон штаб кусын райдыдта.



Кандидаты æууæнкджын адæймæгтæ кæй сæргъы æрлæудзысты, уыцы штабы бындурыл цæудзысты æвзарæн кампаниимæ баст æппæт дзыллон мадзæлттæ (уыимæ — кандидаты фарс къухæвæрдтытæ æмбырд кæндзысты). Ныртæккæ ацы хъуыддаг нымад у Владимир Путины командæйы сæйраг хæслæвæрдыл. Нысантæ къухæвæрды сыфты раст æвæрын куыд хъæуы, уый адæмæн чи амондзæн, штабы активисттæ уыцы бархионтæн инструктаж баххæст кæндзысты.

Амынд ран кусдзæн политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы æхсæнадон кусæнуат дæр. Æхсæнадон æхххуысы штаб кусдзæн къуырисæрæй майрæмбонмæ 9 сахатæй 18 сахаты онг.

("15-æм регион")

Сæрмагонд æфсæддон операци

Радон æхххуыс

Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыдонæн та радон хатт гуманитарон æхххуыс цæуы Цæгат Ирыстонæй.

Хъæугæ дзаума: æхсæвы уынæн прибортæ, хостæ, квадрокоптертæ, хъарм уæлæдарæс, хойраджы продукттæ, гигиенæйы фæрæзтæ æмæ сывæллæтты конд нывтæ фыстæджытимæ æрæмбырд кæныны мадзалы архайдтой Дзæуджыхъæуы 22-æм æмæ 42-æм скъолатæ.

Уымæй уæлдай ма æхцайы фæрæзтæ арвыстой, тепловизортæ æмæ акъоппыты мыдадзын цырæгътæ самал кæнынæн.

Гуманитарон акци

Хабыцты Ларисæйы разамындæй Цæгат Ирыстоны Сылгоймæгты совет баххæст кодта радон гуманитарон акци.

Ног азы бæрæгбоны агъоммæ акцийæн фадæттæ саразæг адæм сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлмы уæвæг æфсæддон службæгæнджытæн бацæттæ кодтой хъарм уæлæдарæс, сыгъдæггæнæн фæрæзтæ, хостæ, дон æмæ хойраг.

Уымæй уæлдай, адæймаджы равг фæнывыл кæнынæн чи ахъаз кæндзæн, студенттæ, скъолаты ахуырдзаутæ æмæræвдауæндæтты хъомылгæнинæгтæ нæ хъахъхъæнджытæн бацæттæ кодтой ахæм нывтæ æмæ арфæтимæ фыстæджытæ.

Акци баххæст кæныны хъуыддагмæ стыр æвæрæн бахастой сылгоймæгты змæлды активисткæтæ, стæй Дыгуры, Горæтгæрон, Æрыдоны, Алагир æмæ Æрæфы районты Сылгоймæгты советты уæнгтæ.

РУБАЙТЫ Нелли

Конференци

Цæгат Ирыстоны политикæйы хæстæ — регионы бирæнацион адæмы иудзинад æмæ æнгомдзинад ныффидар кæнын

РЦИ-Аланийы Сæргъæвæрæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, республикæйы адæмыхæттытæ æмæ конфесситы 'хсæн ахастдзинæдты фарстатыл ныхас кæм цыди, уыцы конференцийы. Арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл ЦИПУ-йы фæзы, йæ темæ: "Удон-хæрзуаг æмæ патриотон хъомылад — куыд Цæгат Ирыстоны нацитæ æмæ конфесситы 'хсæн сабырдзинад æмæ хæлардзинады бындур".

Мадзал гом кæнгæйæ, Сергей Меняйло йæ архайджыты зæрдыл æрлæуыын кодта, Уæрæсе фæстаг рæстæг цы зынджинæдтæ 'взары, æмæ сæ фæстиуæуæгæн — нæ паддзахады ныхмæ Ныгуылæны паддзахæдтæ цы хæст æмæ æнæкæрон экономикон æмæ политикон санкцитæ расидтысты, уый. Сæ нысан — нæ бæстæйы, хæдбардзинад, культурæ фехалын. Уымæ гæсгæ, республикæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны политикæйы хæстæ сты регионы бирæнацион адæмы иудзинад æмæ æнгомдзинад, æхсæнады кæрæдзи æмбарынад, æнæфæцудгæ экономикон рæзт ныффидар кæнын.

— Мах хъуамæ æмбарæм нæ бæрндзинад æмæ фидар лæууæм, нæ бæстæйыл цы агрессивон архайд сæмбæлд, уый ныхмæ. Уый та нæ къухы бафтдзæн, хицауады оргæнтæ æмæ æхсæнады 'хсæн конструктивон ныхас арæзт куы цæуа, уæд, — бахаххæ кодта Сергей Меняйло.

Хицæнæй Сергей Меняйло йæ раныхасы æрлæууыд, зыгъуыммæ тыхтæ Цæгат Кавказы фæсивæды ныхмæ цы æппæрццæг куыст кæнынц, ууыл. Куыд загъта, афтæмæй уыдон æппæт тыхтæй архайынц нæ бæстæйы бирæнацион адæмы культурон бындур, патриотон традицитæ фехалынынл. Цæмæй уыцы æбуалгъ хъуыддæгтæ сæ къухы ма бафтой, уый тыхæй иудадзыг хъæуы фæсивæдимæ кусын, сæ зондахастыл сын рæстмæ ахадын.

Конференцийы куысты архайдтой Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвары æхххуысгæнæг Цæгат Кавказы федералон зылды **Айдамир Валиев**, РЦИ-Аланийы Сæргъæвæрæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим**, республикæйы прокуроры хæдивæг **Николай Клепов**, Цæгат Ирыстоны муфти **Гуæцæлты Хадзымурат**, Алайнаг æмæ Дзæуджыхъæуккаг епархийы минæвар **фыд Тимофей**, Хетæгкаты Къостайы номыл ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан**, паддзахадон огæнты, муниципалон скондтæ, барадхъахъхъæнынады, æхсæнадон, дин æмæ фæсивæды минæвæрттæ, стæй республикæйы уæлдæр ахуырадон уагдæтты ахуыргæнджытæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Нæ къæлиндар

2024 азы уæрæсейæгтæ сæ фæллад уадздзысты 118 боны

2024 азы куыстадон къæлиндармæ æгæсгæ, фидæн аз Уæрæсейы цæрджытæн уыдзæн 248 кусгæ æмæ 118 фæлладуадзæн боны.

Уæрæсейæгтæн нæкусгæ бæрæгбоны бонтæ сты Ног азы каникултæ 1 январæй 8 январмæ, Цыппурс (7 январы), Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы æмæ Адæмы иудзинады бон (4 ноябры).

Уымæй уæлдай, УФ-йы Хицауады уынаффæ "Улæфты бонтæ 2024 азы рахæссыны тыхæй"-мæ 7 январы хуыцаубонæй 31 декабры дыццæгмæ; 2 ноябры сабатæй 30 апрелы дыццæгмæ; 28 декабр сабатæй 30 декабры къуырисæрмæ.

Афтæмæй, 2024 азы Ног азы бæрæгбоны уыдзæн 10 боны (2023 азы 30 декабрæй 2024 азы 8 январмæ).

Æртыгай бонтæ уæрæсейæгтæ улæфдзысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон (23 февралæй 25 февралмæ) æмæ Сылгоймæгты дунеон бон (8 мартъийæ 10 мартъимæ).

Майы бæрæгбæттæ дихгонд æрцыдысты дыууæ хайыл — фыццаг — 28 апрелæй 1 маймæ, дыккаг — 9 майæ 12 маймæ.

Дыууæ боны улæфдзысты Адæмон иудзинады бæрæгбоны (3 ноябрæй 4 ноябрмæ).

Уæрæсейы бæрæгбон уыдзæн æрмæст 1 бон (12 июны). 2024 азы уæрæсейæгтæн уыдзæн æртæ кусгæ сабаты — 27 апрелы, 2 ноябры æмæ 28 декабры.



бон (23 февралы), Сылгоймæгты дунеон бон (8 мартъийы), Уалдзæг æмæ фæллойы бон (1 майы), Уæлахизы бон — 9 майы, Уæрæсейы бон (12 июны) гæсгæ хаст æрцæудзысты, нæкусгæ бæрæгбоны бонтимæ чи баиу, мæнæ уыцы фæлладуадзæн бонтæ: 6 январы сабатæй 10 майы майрæмбонмæ;

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры, Уæрæсейы посты бастдзинады регионалон управлени газет рафыссыны æмгъуыд адарддæр кодта 2024 азы 13 январмæ. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыхæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

Редакци

Дзырды фарн

Læг рæсугъд уагæй фидауы...

ÆГЪУЫЗАТЫ Иуане

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **26 декабры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **10-15 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **10-12 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,02

Хурыскаст — 07,28
Хурныгуылд — 16,30

Валютæйы аргъ

Доллар — 92,04 ↑
Евро — 101,28 ↓

12+

Ахуыргæнæджы аз

Раззагдæртæн — хæрзиуджытæ

Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты кадджын уаваæры æхгæд æрцыд Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы аз. Профессийы хуыздæр минæвæрттæн арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Республикæйы разамонæг фæбæрæг кодта, ацы азы сæйраг нысантæй иу кæй уыд зондамонджыты змæлд рапарахат кæнын, æрыгон ахуыргæндты уыцы змæлды активонæй архайынмæ раздахын, ахуырады къабазы кусджыты, зондамонджыты кад фæбæрзонддæр кæнын.

— Мæн фæнды сымахæн арфæ ракæнын, ацы аз, Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы аз, хорз бæрæггæнæнтимæ кæй æхгæнæм, уый фæдыл. Нæ фæсивæд фæзминаг сты, фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, иудадзыг семæ кусын хъæуы — сæрыстыр цæмæй стæм, хорзæй нæм цы ис, уыдонył сæ æфтауын хъæуы. Уый тыххæй та нæм хъуамæ уа фæлтæрдджын, æнæфæсайгæ æууæнккаг ахуыргæнджытæ. Æмæ уæд, æз фидарæй æууæндын, нæ сывæллæттæн бирæ хорз хъуыддæгтæ бантысдзæн! — бахахх кодта Сергей Меняйло.

Кадджын уаваæры ахуырады къабазы хуыздæр минæвæрттæн лæвæрд æрцыдысты, Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы азмæ кæй бацæттæ кодтой, уыцы хæрзиуджытæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указмæ гæсгæ зонады сгуыхтдзинæдтæ æмæ квалификацион специалисттæ цæттæ кæныны тыххæй "Цæгат Ирыстон-Аланийы зонады сгуыхт кусæг"-ы кадджын ном лæвæрд æрцыд ЦИПУ-йы

психологон-педагогон ахуырады факультеты кафедрæйы профессор **Джиоты Айнæйæн.**

Ахуырады къабазы бирæазон æнтыстджын куысты тыххæй "Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырады сгуыхт кусæг"-ы кадджын ном радтой Цæгат Ирыстоны ахуырады кусджыты цæттæдзинад уæлдæр кæныны институты ахуыр кæнынад æмæ методикæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг **Дзодзаты Мæдинæйæн**, Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институты геометри æмæ геодезийы кафедрæйы доцент **Цæболты Маргаритæйæн.**

Сæ хъомысджын куыст æмæ бæрзонд профессионализмы тыххæй "Цæгат Ирыстон-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг"-ы кадджын ном радтой Дзæуджыхъæуы 36-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Цæмæхъаты Иринæйæн**, Николаевкскы станицæйы С. Я. Батышевы номыл скъолайы директор **Михаил Судаковæн** та — Цæгат Ирыстон-Аланийы Кадджын гæххæтт.

Ахуыргæнджытæ æмæ зондамонджытæн Цæгат Ирыстоны Парламенты бæрзонд хæрзиуджытæ дæр радтой.

Ам фæбæрæг кæнын хъæуы уый, æмæ республикæйы ахуыргæнæджы профессийы кад бæрзонддæр æмвæзадмæ сисыны тыхæй къорд мадзалы арæзт кæй æрцыд. Афтæ, ногæй æркастысты куысты хорз бæрæггæнæнтæ æмæ хæрзхъæддзинады тыххæй æрвылмæйон фиддонты критеритæм, фæстæмæ раздæхтой разæнгардгæнæн фиддонтæ. Уымæй уæлæмхасæн ма регион йæхæдæг материалон æмæ æнæматериалон разæнгарддзинады мадзæлттæ сарæзта — æрыгон ахуыргæнджытæн, æнæкъуыхцы стыр стажы тыххæй. Фидаргонд æрцыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы грант ахуырады бæрзонд хæрзхъæддзинадмæ зынгæ баваæрæн бахæссæг ахуырадон уагдæттæн.

Регионы фæбæрзонддæр сты педагогон дæсныйæдты ахуырады квотæтæ, уыдонимæ: физикæ, математикæ, информатикæйы ахуыргæнджыты цæттæ кæныны программæтæн. 2023 азы лæвæрд æрцыд педагогон ахуырадмæ здæхт 490 бюджетон бынаты.

Æнтыстджынæй царды уагъд цæуы "Ахуырады системæйæн кадртæ цæттæ кæнын"-ы проект, кусынц психологон-педагогон кълæстæ. 2022 азæй нырмæ республикæйы арæзт цæуы "Æрыгон педагогты скъола: "Размæцыд"-ы проект.

Астæууккаг æмæ уæлдæр ахуырады методисттæ æмæ ахуыргæнджытæ — алыхуызон конкурсты фæуæлахиз-уæвджытæ — аразынц лекцитæ, практикон ахуыртæ, сæ фæлтæрддзинадæй хай кæнынц республикæйы ахуырады къабазы кусджытæн.

ГАПБАТЫ Алетæ

Æнæниздзинад

Эпидемиологон къæпхæнæй фылдæр

Цæгат Ирыстоны Хицауады ацæуæг аппаратон æмбырды ныхас кæнгæйæ, "Роспотребнадзор"-ы регионалон управленийы разамонæг Тыбылты Алан куыд фе-

хъусын кодта, афтæмæй нæ республикæйы грипп æмæ улæфæнты низтæй рынчын адæмы нымæц раздæрау эпидемиологон къæпхæнæй фылдæр у.

— Уыимæ, ивгъуыд къуырийы дæргъы улæфæнты низты æвдисæнтимæ медицинон æхху ысы фæдыл бахатæг адæмы нымæц фæкъаддæр. Нæ республикæйы коронавирусæй рынчын адæмы нымæцыл нæ бафтыд, — загъта хицауы бынатахсæг адæймаг.

Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ныртæккæ коронавирусæй рынчын 30 адæймаджы дзæбæх кæнынц амбулаторон уагæй, 9 рынчыны та хуыссынц рынчындæтты.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Барад

Ахæстоны фæбадыны тæрхон

Амæй размæ цалдæр хатты тæрхонгонд кæмæн уыд, тæрхонадон æмбырды рæстæг Мæздæджы районы прокуратурæ ахæм бынæттон нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 314.1-æм статьяйы 1-æм хайы ("Цæстдард кæмæ уыд, ахæм адæймаг административон цæстдардæй йæхи фæтылиф кæнынæн æвастæй цæрæн бынатæй ацыд") амынд фыдракæнд саразынæй.

Куыд рабæрæг, афтæмæй фарон мартъийы ахæстонæй рацæуыны фæстæ нæлгоймагмæ административон уагæй цæст дарын райдыдтой æмæ йын иуæй-иу гæрæнтæ сæвæрдтой, фæлæ барадхъахъхъæнджытæй бар нæ райсгæйæ, закъонхалæг нæлгоймаг æнæ ахсджиаг æфсæнттæй Мæздæджы районæй ацыд.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон закъонхалæг адæймагæн рахаста 4 мæйы дæргъы карз фæткы ахæстоны фæбадыны тæрхон. Тæрхон кæмæн скодтой, тæрхондоны залæй уыцы нæлгоймаджы комкоммæ уагæй арвыстой ахæстонмæ.

Нæ уацхæссæг

Мæ хъуыдытæ

Зæххыл фидар лæууынц

Æмхуызонæй нырыккон дунейы цæрæм, йе 'взарæнтæ йын æвзарæм. Куыд уынæм, афтæмæй дунейы алыхуызон этностæ, нацитæ, сæ культурæтæ æмхæццæ кæнынц, уæлдайдæр — бирæ нацитæ кæм цæрынц, ахæм бæстæты. Историйы цыд, цивилизацийы рæзт бауромæн æмæ æнæ ивддзинæдтæй хи бахъахъхъæнæн нæй. Фæлæ уаваæртæ æмбаргæйæ æмæ раст зондахастыл хæцгæйæ, нæ бон бауыдзæн, алы рæстæджы дæр ахсджиаг чи у, уыцы бындурон, сæйраг хъуыдыимæ апп бахъахъхъæнын.

Нæ райгуырды фæстæ нæхи ирæттæй банымайын нæ бон нæу, раздæр уал, мадæлон æвзаг нæ рох кæнгæйæ, хъуамæ бамбарæм иумæйагдзинад, æвæджиауы ирон дин, культурæ, истори, æгъдæуттæ, традицитæ. Ирæтты национ æмхуызондзинад хъахъхъæны наци, æнæ уымæй мах стæм хуымæтæг адæм, райгуырдæй — ирæттæ, афтæмæй.

Нæ Райгуырæн бæстæ — Уæрæсейы иу хай уæвгæйæ, уæззау рæстæджы-ты цалдæр æнусмæ сбæрæг сты не 'нкъарæнтæ. Æцæг фырттæ æмæ чызджытæ йын кæй стæм, ууыл гуырысхо дæр ничи кæны. Мах нæхи колонийыл никуы нымадтам. Культурæ, æвзаг, цивилизаци рæзыд, хъæздыгдæр кодта. Советон Цæдисы куыд уыд, афтæ ныр дæр нæхи æнкъарæм æмбарты æмбар, хотæ æмæ æфсымæртау.

Историк, публицист æмæ фидар зондахастимæ æхсæнадон архайæг Наталья Нарочницкая бирæ хæттыты дзырдта, "...ирæттæ Уæрæсейыл гадзрахатæй никуы рацыдысты, сæйраг горæтты цыфæнды куы цыдаид, уæддæр". Рагон уидæгтæ, удварны хъуыдытæ нæ ивгæйæ, мах рæзæм æмæ иумæйаг хуызмæ хизæм. Мах — ирæттæ, мах — уæрæсейæгтæ.

Ирон æхсæнад историон фæткмæ гæсгæ æнцой кодта ахæм æмбарынадтыл: æгъдау, кад æмæ нæфæтчиаг. Æгъдау бæрæг кæны дунеæмбарынадон бындуртæ, нæ рагфыдæлтæй цæуæг дин, сæ хъæбатырдзинад, сæ намыс, Нарты кадджыты арф æмæ парахат авналæнтæ. Æппæт уыдæттæ, ома, традицитæ æмæ æгъдæуттæ систы фæлгæтонрæстæгон кодау, культурæйы сæйраг бындуртæ. Æгъдауы æнæсæнкъуысгæ фидæрттæ нын нæ наци бахъахъхъæдтой Уæрæсеимæ баиуы онг. Лæмбынæг куы æркæсæм, уæд дзы бæрæг дарынц фидæны æхсæнады сконды хæйттæ.

Ирæтты традицитæ æмæ æгъдау бындурон ивддзинæдтæ нæ бавзæрстой, мах сæ нæ рагфыдæлтау кæй нымайæм, уый тыххæй нæ, фæлæ тынг фидарæй нырыккон царды сæхи 'вдисынц. Нæ чындзæхсæвты, куывдты, зианы хабæртты хъуыды æмæ фæтк нæ ивы. Цæрджытæн сæ фылдæр равзардзысты ирон фынджы культурæ иннæты 'хсæн. Дунейы адæмты хсæн ирæтты рагондæр дин, Иунæг Скæнæгыл æууæнк, фæзынд чырыстон æмæ пысылмон динтæй раздæр. Удварны гуырæнтæм кæсын хъæуы куыд культурæ æмæ иумæйагдзинады бындуртæм.

> ”
>
> ***Ирæтты традицитæ æмæ æгъдау бындурон ивддзинæдтæ нæ бавзæрстой, мах сæ нæ рагфыдæлтау кæй нымайæм, уый тыххæй нæ, фæлæ тынг фидарæй нырыккон царды сæхи 'вдисынц. Нæ чындзæхсæвты, куывдты, зианы хабæртты хъуыды æмæ фæтк нæ ивы. Цæрджытæн сæ фылдæр равзардзысты ирон фынджы культурæ иннæты 'хсæн. Дунейы адæмты хсæн ирæтты рагондæр дин, Иунæг Скæнæгыл æууæнк, фæзынд чырыстон æмæ пысылмон динтæй раздæр. Удварны гуырæнтæм кæсын хъæуы куыд культурæ æмæ иумæйагдзинады бындуртæм.***
>
> “

Уыцы заманты фæзындысты Нарты кадджытæ — ирон адæмы бынтæ, хæзнатæ. Ис ахæм хъуыды дæр, æмæ кадджыты æмбæхст сты нæ дины ахсджиагдæр, арфдæр, сыгъдæгдæр хъуыдытæ. Йæ фæзынд æвдисы нæ рагфыдæлты цыт æмæ уæлдай бæрзонддзинад, зæххон царды æппæт фæзилæнтæ дæр дзы бæрæг дарынц, басæттæн кæмæн нæй, ахæм хъаруйы хицау у. Дунейы иннæ адæмтæм ахæм кадджытæ ссарæн нæй.

Не 'нæмæнг авд скуывды адæймаджы æвдисынц куыд бинонты, хæдзарвæндаджы, мыггаджы уæнджы, царды сæйраг хæзнатæ æвдисынц, алы бинонтæ дæр сæм тырнынц. Ирæтты дин йæхи иунæг растыл никуы нымадта, удварны сыгъдæгдзинадыл æнцайæг динтæн аргъ кæны. Не 'нæмæлгæ удтæн нæ тæрсæм, дзæнæт æмæ нæм зындон нæй, уыдæттæ æвдисынц Нарты кадджытæ.

О, нæ диныл фæбæрæг сты чырыстон æмæ пысылмон динтæ, æрæджы дæр ма нæ разамынд дзырдтой, махмæ ис чырыстон æмæ пысылмон динтæ, æндæр динтæ нæ нæ хъæуынц. Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы кадæн равдыст гом кæнгæйæ, нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло загъта, нæ национ, традицион культурæ, дин хъуамæ адæттæм иннæ фæлтæртæм, куыд республикæйы бындурон нацимæ æмæ куыд æвæджиауы этникон палитрæйы фæрдыг. Уыдæттæ ирæттæн сты тынг ахсджиаг фарстатæ, алкæй дæр тыхсын кæнынц.

Традицитæ æмæ æгъдæутты бындуры лæууы дин, æвдисынц хæрзæгъдаудзинады-этикон хæзнатæ, нысантыл æнцойгæнæнтæ аразынц. Официалон барадон документтæ, æндæр акттæ нæм нæй, фæлæ фæлтæртæ кæрæдзимæ ацы дзыхæйдзургæ хæзнатæ дæттынц, ирон дин, æгъдау æмæ традицитæн аргъ кæнгæйæ. Уымæй сын сæ тых æвдисынц, нацийæ сæ фæхицæн кæнæн кæй нæй, уымæн сты æвдисæнтæ.

Нæ дин æмæ культурæимæ мах цæуæм царды фæндагыл, уыимæ, æцæг ирæттæ зæххыл фидар лæууынц æмæ лæудзысты.

ДУЛАТЫ Олег,
Цæгат Ирыстоны Национ музейы хистæр наукон кусæг

Нымæцтæ

Ирон адæм цæмæн зæронд кæнынц?

Уæрæсейы статистикæйы управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, январæй октябрмæ Ирыстоны сæ къайад фехæлдтой 3730 бинонтæ, уый у 14,5 проценты фылдæр, 2022 азы уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ. Бинонтæ чи аразы, уыдоны нымæц дæр фæкъаддæр 7,8 проценты, фаронимæ абаргæйæ æмæ сæ нымæц æрхаудта 2124 онг.

Цæгат Кавказы федералон зылды 2022 азы æппæты фылдæр сæ къайад фехæлдтой Ирыстоны бинонтæ æмæ хъыгагæн, ацы хъуыддаджы стæм раззагдæртæй иу. Уымæн ис регионалон æмæ национ хицæндзинæдты мидæг аххосæгтæ. Бирæтæ сæ къайад халынц сывæллæттæн пособитæ фылдæр исыны тыххæй, уымæн æмæ бинонты æфтиæгтæ ахæм хуызы нымад цæуынц æмæ уæд паддзахадон льготæйæ сæ бон спайда кæнын нæу. Ныййарджытæ арæх не 'мбарынц æмæ нæ хъуыды кæнынц, мад æмæ фыд куы рахицæн уой, уæд уый сæ сывæллæтты зондахастыл фидæны куыд фæзындзæн, ууыл. Уæдæ фæзминаг дæнцæг нал у, "бинонты институт" кæй хонынц, уый, ома, бинонтæ саразын æмæ бирæ азты хæларæй фæцæрын, бирæ цот скæнын. Алы афæдз дæр Ирыстоны æнæ мад æмæ фыдæй баззайы 1500 сывæллоны. Хъыгагæн, нæй нæм ахæм социалон системæ æмæ сывæллон йæ сидзæрдзинад ма бамбара.

Экономикон наукæты кандидат **Къаберты Нодар** ацы фарстыл лæмбынæгæй бакуыста, æркаст РЦИ-Аланийы демографион уавæрмæ æмæ йæ аххосæгтæм:

— Демографион уавæр у тынг æвзæр дунейы æмæ Уæрæсейы дæр. 1992 азæй нырмæ Уæрæсейы амард 16 милуан адæймагæй фылдæр, чи райгуырд, уыдонимæ абаргæйæ. Ирыстоны дæр уавæр хуыздæр нæу. Махмæ 1996 азæй райдыдта депопуляци, ома, чи мæлы, уыдоны нымæц фæфылдæр ис, чи гуыры, уыдонæй. Уæдæй абонмæ Ирыстоны амард 11 мин адаймагæй фылдæр, чи райгуырд, уыдонимæ абаргæйæ. Хъыгагæн, уыцы процесс æнæрлæвугæйæ размæ цæуы. Фæстаг сфыстмæ гæсгæ, Кавказы цыдæриддæр адæмыхæттытæ ис, уыдоны нымæц фæфылдæр, ирæтты нымæц та — 6 проценты æрхаудта, кæд æмæ раздæр азты нæ нымæц, уыцы адæмимæ абаргæйæ, уыд 13,6 проценты.

— Демографи æмæ æвзаджы тыхстдзинæдтæ иумæ цæуынц, — зæгъы ахуыргонд. Уымæн æмæ, чи гуыры, уыдон сæ мадæлон æвзагыл нæ дзурынц æмæ нæ хъуыды кæнынц, сабыргай сафынц сæ национ хиæмбарынад. Хистæр адæмæн сæ бон уый у, æмæ æрыгæтты агитаци кæной, цæлхдуртæ, кæдæм хъæуы, уырдæм хæццæ кæной, фæлæ йыл ничи кусы.

1926 азы уыд фыццаг сфыст. Дыууæ Ирыстоны адæмы куы райсæм, уæд дзы 30 проценты цард Хуссары, 70 та — Цæгаты. Ныртæккæ 92 проценты цæрынц Цæгаты, æрмæст 8 проценты баззадысты Хуссары. Уыдон дæр сты хицауад æмæ сæ алыварс адæм. Инæттæ ныппырх сты. Цæмæдæр гæсгæ йæ æмбæхсынц. Ис ма нæм иу мæгуырбон — миграци. Алы афæдз дæр Уæрæсейы регионтæ баиу кæнынц ахæм къордмæ гæсгæ:

— бирæ гуыры, фæлæ æддæмæ цæуынц;

— бирæ гуыры, фæлæ мидæмæ цæуынц;

— чысыл гуыры, фæлæ мидæмæ цæуынц;

— Ирыстон та бахаудта уыцы къордмæ, кæм æдæммæ дæр цæуынц æмæ фæстæмæ не здæхынц, уæдæ дзы сывæллæттæ дæр къаддæр гуыры.

Иннæ республикæтимæ абаргæйæ нæм бæрзонд у, адæм се 'взонг азтæм бацæугæйæ, кæй мæлынц, уыцы коэффициент. Æмæ уый у ноджы иу риссаг фарста.

Ирон наци цæмæн зæронд кæны? 80 проценты ноггуырдтæ гуырынц, 20 азæй 35 азы онг кæуыл цæуы, ахæм ныййарджытæн. Æмæ уыцы адæмы процент миграцийы аххосæй къаддæрæй-къаддæр кæны. Ирон адæм уыцы аххосæгты тыххæй зæронд кæны. Ныхас ууыл цæуы, æмæ ноггуырдты нымæц кæй нæ фылдæр кæны, зæрæдты процент та фылдæр кæны. 60 азæй фылдæр кæуыл цæуы, уыцы адæмы нымæц 18 процентæй куы ахиза, уæд уый у зæрдæхсаинаг æмвæзад. Махмæ ныртæккæ уыцы бæрæггæнæн у 22 проценты.

Демографион политикæйы федералон хицауад цы аразы, уый хорз у, фæлæ фаг нæу. Хъуамæ ма йемæ æмдзу кæна регионалон социалон политикæ дæр.

Сыхаг республикæтимæ абаргæйæ, махмæ сæ нымæц у 6 хатты фылдæр, Гуырдзыстон æмæ Сомихы у 0,9 промиле. Уæдæ бинонтæ кæмæн нæй, уыцы адæм дæр Ирыстоны сты уæлдай фылдæр — 38 проценты иннæ республикæтимæ абаргæйæ, уыимæ, 20-35-аздзыдтæн бинонтæ никуы уыд.

Уый — 1984 азы сфысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ныртæккæ та — 53 проценты. Æмæ ацы риссаг фарстайыл йæ бон у архайын канд паддзахадæн нæ, фæлæ бинонтæй æмæ мыггагæй дæр аразгæ у, цæмæй æрыгæттæ бинонты хъуыддаг рæстæгыл кæной, цæмæй фидæны æвæдæй ма баззайой.

Нæ уацхæссæг

Аивад

"Фæндаг фыдыуæзæгмæ"

Цæгат Ирыстоны Хицауады хæдзары ацæуæг æмбырды бæрæггæнæнтæм гæсгæ, иннæ аз 13-20 июлы Дзæуджыхъæуы ацæудзæн фыццаг театралон фестивал "Вахтангов. Фæндаг фыдыуæзæгмæ".

"Æртындæс" амонджын вахтанговон нымæцыл нымад кæй у, уымæ гæсгæ фестивал байгом кæнынæн æртындæсæм бон дзæгъæлы нæ равзæрстой. Уыцы бон Дзæуджыхъæуы сæйраг фæзы сараздзысты уынгты театрты рацыд, стæй карнавал.

Фестивалы сæйраг программæйы архайдзысты Мæскуы, Бетъырбух, Хъазан, Архангельск, Омск æмæ Донецкы Адæмон Республикæйы Макеевкæйæ æрбацæуинаг театртæ. Экспертон совет равзæрста 6 спектаклы: "Зойкина квартира" (Мæскуыйы А.С.Пушкины номыл театр), "Безумный день, или женитьба Фигаро" (Хъазаны В.И.Качаловы номыл театр), "Мой дедушка был вишней" (Омскы Драмæйы театр), "Варшавская мелодия" (Бетъырбухы театр "Мастерская"), "Левша" (Макеевкæйы Фæсивæдон театр) æмæ "Василий Теркин" (Архангельскы М.В.Ломоносовы номыл театр).

Уымæй уæлдай, дыууæ дзæуджыхъæуккаг театры кæй бацæттæ кодтой, фестивалы программæмæ гæсгæ, дыууæ ахæм спектаклы фыццаг хатт равдисдзысты. Off-программæмæ бахæсдзысты Александр Пушкины уацмыстæм гæсгæ бинонтæн æвæрд спектаклтæ. Фестивал кæмæй ахицæн уыдзæн, нæ республикæйы сæйраг горæты Сæрибары фæзы равдисинаг уыцы дæссахатон концерты архайдзысты Евгений Вахтанговы номыл театры артисттæ, зындгонд уæрæсейаг зарæггæнджытæ æмæ цæгатирыстойнаг сфæлдыстадон коллективтæ.

Фестивал æхцайæ æфсаддзысты Культурон фæндæтты президентон фонды грантæй, стæй Евгений Вахтанговы номыл театры спонсорон фæрæзтæй. Фестивал "Вахтангов. Фæндаг фыдыуæзæгмæ"-мæ гæсгæ сбæлвырд уыдзæн "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы культурæйы, стæй социалон æмæ размæцыд къабæзты сгуыхтдзинæдты тыххæй" премийы лауреаты ном. Æдæппæт раддзысты фæйнæ 100 мин сомы бæрц æртæ премийы. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауад кандидатты бавдисдзысты, уæлахиздзауты нæмттæ та сбæлвырд кæндзæн фестивалы экспертон совет.

"15-æм регион"

Ахсджиаг фарста

Ныхасæй — хъуыддагмæ

"Иры Стыр Ныхас"-ы хъæппæрисæй уыд культурæйы къабазы кусджытимæ фембæлд. Архайдтой дзы нæ республикæйы Культурæйы министрады æмæ йæ дæлбар куыстуæтты специалисттæ, сфæлдыстадон æмæ наукон интеллигенцийы минæвæрттæ. Æмбырд амыдта æхсæнады сæрдар УАТАТЫ Зелим.

Йæ раныхас уыд аивадон совет саразыныл, цæмæй йæм бацæуой специалисттæ аивады алы къабазæй æмæ бæрæг кæной артистты сфæлдыстад. Стæй уæд фæсидт фембæлды архайджытæм, цæмæй уыдон дæр сæ хъуыдытæ зæгъой.

Аивадон совет саразын у рæстæджы домæн. Интернеты хызæджы цы æнахуыр, æппæрцæг фæзындтытæ уынæм, уыдон культурæ æмæ ирон æгъдауæй дард лæууынц. Хъыгагæн, нæхи артисттæй иуæй-иутæ европæйæгты аййæфтой се 'ддаг бакастæй, сæхи куыд дарынц сценæйы дæр æмæ царды дæр, æмæ ма уымæй æнаддæр цы уа? Уæвгæ, ис сын, уырыссагау "поклонниктæ" кæй хонынц, ахæмтæ дæр. Фæлæ культурæ æмæ ирон æгъдауы рæсугъддзинад чи æмбары, бæрзонд æмвæзадмæ йæ чи исы йæ æнæзæрдæхудт лæггадæй, уыдон сты фылдæр.

Нæ республикæйы адæмон артисткæ, не 'ппæтæн дæр уарзон диктор **Хъулаты Земфирæ** уыд фембæлды архайджытæй иу. Йæ сагъæс — фидæнмæ цавæр хъуыдытæ æмæ зондахастимæ бакъахдзæф кæндзысты æрыгæттæ?

— Уынын, фæсивæд сæхи куыд дарынц, уæдæ чындзытæ дæр. Æвæццæгæн, сын сæ ных дæр бакъуырын хъæуы. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, æмæ мах мæнæ фæстæмæ цæуæм, астæуккаг æнустæм здæхыны фæнд дæр нæм нæй. Хъуамæ ссарæм раст фæндаг, æмæ уый та у хистæртæй аразгæ. Мах нæхæдæг нæ алы фезмæлдæй хъуамæ уæм дæнцæг, — загъта Земфирæ. — Хъуыддагæй равдисын хъæуы нæ уынаффæтæ, абон цæуыл дзурæм, уый. Æмæ аивады кусджыты 'хсæн кæд ис, артисты ном чи чъизи кæны, ахæмтæ, уæд сæ нæ хъæуы сценæмæ уадзын. Афтæ — нæ театртæ дæр. Мах уыдоны куыстыл нæ дзурдзыстæм, фæлæ, абоны фадатæй спайда кæнгæйæ, зæгъдзынæн, сагъæссаг у, кæддæры героикон театр абон æрмæстдæр адæм худын кæны, уыимæ æмбарын, театрты размæ цы риссаг фарстатæ лæууы, уый.

— Ирон адæймагæн йæ конд, йæ удыхъæд, йæ хабæрттæ, йæ хъуыддæгтæ сæфт куыд нæ уой, куыд сæ æмбарой иннæтæ дæр,— зæгъы Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг **Ходы Никъала.**

Ходы-фырт хорз хъуыды кæны, Æппæтдунеон змæлд куыд, цæмæн æмæ цавæр уавæрты равзæрд. Йæ пайдайаг хъуыдытæ нæ бавгъау кодта фембæлды рæстæг зæгъын.

— Скæнын хъæуы афтæ, цæмæй "ИСН"-ы хъæлæс хъуыса, уый тыхкæй та хъуамæ, ирон æгъдауæн, ирон хабæрттæн йæ бындур цы у, уыдон хъуамæ, хæзнайау, хъахъхæнæм. Рæстытæ куы дзурай, нæ царды уавæрты цыдæриддæр ахсджиагæй ис, уыдоныл куы дзурæм, цæмæй адæмы хъæр хъуыса хицауадмæ, уæд адæмы дæр бауырндзæн, стæй нæ фарсмæ дæр уыдзысты, — загъта Ходы Никъала.

Куыд ис бабæттæн ирон æгъдау

æмæ артистты архайд? Аивады фарстатыл æнæ Культурæйы министрады æххуысæй кусæн нæй. Æмбырды архайæг, министры хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ** растыл банымадта аивадон совет саразыны фæндон:

— Ис мæм ахæм советимæ куысты фæлтæрддзинад, уымæ гæсгæ мæм уæ фæндон кæсы раст. Раздæр-иу спектакл кæнæ концерт, кæнæ æндæр аивадон змæлд адæмы размæ рахæссыны агъоммæ уынаффæ кодтой, æмбæлы æви нæ, фиппаинæгтæ йæм ис æви нæ? Ныртæккæ уавæр æндæрхуызон у. Тæрсын артистты фæрстытæй, ома, чи уыдзысты нæ тæрхонгæнджытæ? Уый тыххæй хъуамæ аивадон советмæ бацæуой специалисттæ культурæйы къабазæй, уыимæ сæ бон уыдзæн æрмæстдæр фиппаинæгтæ зæгъын, хъæндзинæдтæ бацамонын. Культурæйы министрадмæ чи хауы, уыцы къордтимæ, артисттимæ махæн кусыны бар ис, фæлæ хибарæй чи архайы, уыдонмæ мах ницы бар дарæм, æмæ сын уынаффæ кæнын дæр нæ бон нæу. Уыдонимæ хъуамæ æмгуыстад кæной æхсæнады уæнгтæ. Мах дæр уæ разы уыдзыстæм, уымæн æмæ йæ зонут, æрмæст культурæ нæ, фæлæ зонад æмæ иртасæн куысты дæр уыцы архайд кæнæм, æмæ нæ ирон æгъдау, не 'взаг, нæ культурæмæ цыдæриддæр хауы, уыдон æдæппæтæй дæр бахъахъхъæнын æмæ сæ адæмы размæ парахатæй рахæссын у нæ хæс. Нæ иумæйаг куыст ууыл æнцайы, — загъта министры хæдивæг.

Æмбырды архайджытæ журнал "Мах дуг"-ы сæйраг редактор **Хетæгкаты Оксанæ**, Дзæуджыхъæуы наукон центры директор **Цыбырты Алексей**, режиссер **Цæриаты Валери, Касаты Аслан, Зехъеты Хетæг** уыдысты æмзонд сæ раныхæсты. Сæ иумæйаг хъуыды — абон национ культурæ æмæ æвзаг хуыздæр уавæры не сты!

Кæронбæттæны Уататы Зелим ноджы иу хатт загъта, "ИСН"-ы кæй фæзындзæн культурæйы фарстаты фæдыл комитет. Сæрдарæй йын нысан кæнынц Ирон театры режиссер Цæриаты Валерийы.

МАМИАТЫ Лолитæ

Историйы сыфтæ

Ахуыргæндты егъау иртасæнтæ

"Хицæн чысыл наукон иртасæнтæ агурыны æмæ наукон бындурон иртасæнтæ аразыны" Уæрæсейаг наукон фонды грантмæ гæсгæ Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры Скифаг-алайнаг иртасæнты центры ахуыргæндтæ сæххæст кодтой егъау иртасæнтæ.

"Терчы Уæллаг æмæ Дæллаг алфамбылайты хъобайнаг æмæ сæрмæтаг культурæты рагондæр ног артефакттæ с а х у ы р кæныны бындурыл æмæ бронзæйы фæстæдæры дуджы Кавказы археологон цыртдзæвæнты авджын фæрдгуытæ æмæ згъæр дзаумæтты сконды металлургон куыстады технологитæ"-йы проекты фарс Фонд рахæцыд 2021 азы.

Незаманты археологон къæхтытæ æвдисынц, адæм сæхицæн згъæр кæй байгом кодтой 9 мин азы размæ. Незаманты цæрæг адæймаг зыдта хæдгуыргæ æрхуыимæ кусын. Æрхуы у фæлмæн



згъæр, æнцон архайд уазалæй дæр. Хæцæнгарз æмæ кусæнгарз аразынæн æфсæйнаг æмæ æндон нæ бæззыдысты. Сыгъдæг æфсæйнагæй арæзт дзаумæттæ — æгæр фæлмæн, æндонæй кондтæ та — сæттаг. Згъæр дзаумæтты куыстады технологи æххæстæй базонынæн бахъуыдис æнустæ. Фæстæдæр рæстæг адæймаг æрхъуыды кодта тайынгæнæн пецтæ. Бæлвырд бæрæг у, уыцы технологитæй кæй пайда кодтой нæ эрæйы агъоммæ 12 æнусы Инди, Анатоли æмæ Кавказы.

Скифаг-сæрмæтаг иртасæг ахуыргæндтæ бавнæлдтой Терчы Уæллаг æмæ Дæллаг алфамбылайты, Хъобаны археологон скъæхтыты алы афонты ссард æмæ незаманты раг æфсæйнаг, стæй бронзæйы дуджы авджын фæрдгуытæ, æмæ згъæр дзаумæтты сконд сбæрæг кæнынмæ. "Бирæ дæсгай азты дæргъы Ирыстоны æмбырдгонд цыд археологон æрмæг, фæстаг азты та дзы фæзынд æппæты нырыккондæр, бæрзонд бæлвырддæргонд мадзæлттæ физикон-химион анализтæн. Уый фадат радта, фыццаджыдæр, Цæгат Кавказы, æмæ гæнæн ис, Уæрæсейы дæр дисциплинæты 'хсæн ног хуызы проекттæ аразынæн", — загъта проекты разамонæг, физикон-математикон наукæты доктор, профессор **Маг-коты Тамерлан.**

Уыцы иртасæн куыстытæн РЦИ-Аланийы музейон фондтæй рахицæн кодтой хъæугæ археологон æрмæг, Зилгæ æмæ Беслæны алайнаг ингæнты кæй ссардтой, уыдонæй. Уыдонмæ хауынц хæцæнгарз, æрвылбоны мигæнæнтæ, уæлæдарæс аивгæнæнтæ, æндæр аивгæнæнтæ.

— Цы артефакттæ ссардæуыд, нæдтæ. Мах базыдтам, рагон хъобайнæгтæ æмæ алантæ æфсæйнаг æмæ æндонæн алыхуызон миниуджытæ радтынæн, стæй сæ хуыз аивынæн сæм цытæ æфтыдтой, уый. Бæрæггонд æрцыд, бæрзондкъаладжын бронзæ зындгонд кæй уыд Сæйраг Кавказаг æфцæджы цæгатаг фахсыл, бæлвырддæр та — Цæгат Ирыстоны, раздæр куыд нымадтой, афтæ бронзæйы æнусы нæ, фæлæ суанг нæ эрæйы агъоммæ 15-14 æнусты. Уымæй уæлдай ма цы артефакттæ сбæрæг кодтам, уыдоны згъæры раиртæстам, æрзæткъахæнты дæснытæ æрхуы, мыстымарг, сурьма кæцæй амал кодтой, уый дæр. Сурьмайæ пайда кодтой, аивгæнæн æмæ æндæр дзаумæттæ цæттæ кæнгæйæ, уыдонимæ, фæрдгуытæ, хицауады символтæ æмæ æндæр дзаумæттæ, уыдонæй пайдагонд цыди, наукæйы раздæр куыд амынд цыд, æрмæст астæуккаг æмæ фæстæдæры бронзæйы дуджы нæ, фæлæ бирæ раздæр — æфсæйнаг рагон дуджы.

Ахуыргæндты куыстæн стыр ахъаз фæцис Уæрæсейы наукон фонды æххуыс. Уыдон сæ иртасæнты фæсидтысты Паддзахадон Эрмитажы лабораторийы æххуысмæ, уый сын сæрмагонд зынаргъ приборты фæрцы фадат радта артефакттæй бынтон лыстæг хæйттæ сисынæн.

— Уый тынг зынаргъ хъуыддаг у, фæлæ йæ фæрцы нæ бон баци æрмæст згъæр дзаумæтты сконд базонын нæ, фæлæ ма нæ фыдæлты экономикон, культурон бастдзинæдтæ дæр, — зæгъы Чсийы-фырт.

Скифаг-Сæрмæтаг иртасæнты центры ахуыргæндты иртасæн бæрæггæнæнтæй спайдагæнæн ис наукон æмæ популярон фæллæйтты, дипломон куыстыты, диссертациты, рагон æмæ астæуккаг æнусон металлурги æвзаргæйæ, уæлдайдæр та, Кавказы незаманты æмæ астæуккаг æнусты историйыл кусгæйæ.

ЦЫБЫРТЫ Иринæ,
Уæрæсейы нукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры пресс-службæйы кусæг

Цардæй ист нывтæ

Æртыккаг голлаг

Фæлварæн Хъæуунхæдзарадон институты-электрофачы.

Ахуыргæнæг:

– Бадоев! Уæдæ ма мын зæгъ – "электродвигателмæ нагрузкæ куы радтой, уæд йæ зылд тагъддæр фæуыдзæн æви сабырдæр?

– Тагъддæр! – бакодта Алик – студент.

Ахуыргæнæг:

– Гъе ныр, дæ æгкойы голлаг, æмæ ма йыл ноджы голлаг сæвæрдтон, уæд дæ цыд тагъддæр фæуыдзæн æви сындæгдæр?!

– Тагъддæр! – дзуапп та авæрдта Алик, – цæмæй йыл æртыккаг голлаг мауал сæвæрай!

Ахуыргæнæг ныххудти:

– А уал азы мын ахæм дзуапп ничи ма радта, æмæ дын "æртæ" æвæрын, бахъæлдзæг мæ кодтай!

Чи стут?

Хъæдгæс хъæдыл зылди æмæ афтæмæй хъæд калгæ баурæдта Беслæны цæрджытæ Бæтæгаты Бука æмæ Бæдуаты Исуфы. Тызмæгæй сæ фæрсы:

– Цы ми кæнут ам, чи уын радта бар хъæд калынмæ, чи стут?

Гæххæтт сæм ницы разынд, æмæ Бæтæгаты Бука йæхи æндæр кæмæйдæр схуыдта.

– Æз та Бæтæгаты Бука дæн, – загъта Исуф.

Уый адыл дыууæ лæджы мыды къæм бахауд, бирæ азты Бука Исуфмæ нал дзырдта.

ТЕТАТЫ Эльврик

Æмбисæндтæ

❋❋❋

Адæм арвайдæн сты.

❋❋❋

Хъæубæстæ айдæн у.

❋❋❋

Адæмы цæст уынаг у.

❋❋❋

Лæг йæхи нæ уыны - адæм æй уынынц.

❋❋❋

Адæм нæ уынынц, чи зæгъы, уый йæхæдæг куырм у.

❋❋❋

Адæм зонаг ысты.

❋❋❋

Адæмæй бамбæхсæн ницы ис.

❋❋❋

Кæсаг кæмдæр доны бын дон банызта 'мæ уый дæр адæм базыдтой.

❋❋❋

Чи цы у, уый адæм зонынц.

❋❋❋

Дæхи базонын дæ куы фæнда, уæд адæмы бафæрс.

❋❋❋

Адæм кæй дзурынц, уый æцæг у.

❋❋❋

Адæм цы зæгъой, уымæн æнæрцæугæ нæй.

❋❋❋

Адæм кæцырдæм симой, ды дæр уыцырдæм сим.

❋❋❋

Адæм кæрæдзийы фæрцы цæрынц.

❋❋❋

Æнæ адæм цæрæн нæй.

❋❋❋

Адæмимæ цæрын хъæуы.

❋❋❋

Адæмы куыд уарзай, афтæ дæ уарздзысты.

❋❋❋

Адæмы уарзон — Хуыцауы уарзон.

Газеткæсджыты сфæлдыстад

ÆЛБОРТЫ Беллæ

Фæззыгон дидинбаст

Сæрдыгон райдзаст, хъæлдзæг бонтæ фесты,
Фæстейы баззад сусæны æнтæф.
Мæ зæрдæ мысы стъалыджын изæртæ,
Мыдхуыз быдираг дидинджыты тæф.

Æрæгвæззæг æрулæфыди хæхтæй,
Йæ дард фæндаг фæцыбыр кодта хур.
Æзгъæлынц иугай бæлæсты сыфтæртæ —
Кæркæ-мæркæ, сырхбын, дзыгъуыртæ, бур.

Бæгънæг, æнæсым хъæдрæбынты зилын,
Мæ разæй халон бæласмæ ыстахт.
Æнæуд, уазал хус сыфтæртæ уидзын,
Ыскодтон сæ хæрзаив дидинбаст.

Мæ комулæфтæй тавтон сæ мæ къухы,
Сæ уынд мæ удæн афтæ 'хцон уыди.
Нæ банкъардтой мæ уды хъарм, мæ узæлд,
Мæ комы тæф сыл, халасау, зынди.

Мæхи конд, цыма, дидинбаст нæ уыди,
Фæлæ æрдзон æнæзынгæ уырзæй
Æрхаста мын сæ 'рæгвæззæг лæварæн
Хъæдабæ урс цъар-халасы тыхтæй.

Æрæгвæззæг, нæ радтæг æрдзы диссаг,
Куы базонин мæ хуыз ивын æз дæр,
Дæ сыфтæртæй мæнтæджы мондаг исин,
Хæрздæфгæнаг нæ вæййынц кæд, уæддæр.

Зымæгон нывтæ

Мæцъы бæндæнау, тъæнджы мæй ныддæргъи
Ныссабыр æрдз, цыма фынæй кæны,
Йæ тинты кæрцы батыхта йæ зымæг
Æмæ йын рагон таурæгътæ кæны.

Кæлынц уæларвæй миты урс къуыпатæ,
Гæлæбутау, цыма, пæр-пæр кæнынц.
Цыма сты уыдон цины уацхæсджытæ
Уæларвон зæдтæй, афтæ мæм кæсынц.

Нæ зазбæлас лæууы фæлыстæй къуымы,
Кæлы фæйнæрдæм чъиуназыхæрздæф,
Йæ алыхуызон хъазæнтæ æрттивынц
Цыдæр æнахуыр рухс кæнынц æхсæв.

Куы фенын æз мæ рудзынгыл хæднывтæ,
Æхцондзинад уæд банкъары мæ уд
Цавæр дæсны нывгæнæг сæ ыскодта, —
Фæдис кæнынц æз — афтæ тынг рæсугъд.

Куыд хорз ысты зымæгон урс æхсæвтæ,
Куы адары, бæмбæгау, бæстæ урс.
Дæ хъарм уаты дадайы фарсмæ бадгæ
Цымыдисæй нæртон таурæгътæм хъус.

Ныссабыр æрдз, кæлынц къуыпатæ арвæй,
Сывæллонау сыл цин кæны мæ уд.
Тæхуды 'мæ лæджы цард дæр куы уаид
Хæмпус митау æнæлаз 'мæ рæсугъд!

КОКОЙТЫ Махар

Зымæгон æхсæв

Карз зымæг æвæры
Фæндагыл хъæпæн.
Комыдон нæ кæны
Раздæрау хæл-хæл.

Дымгæ ниуы 'хситтæй,
Мит дзæнгæл кæны
Тæдзынæджы ихæй
Уазал дон кæлы.

Фыййау систа уадындз
Æмæ дзы цæгъды.
Знон дæр ма уый хъал уыд,
Хизæнæй, бæгуы.

Фос хуыссынц дзыгуырæй,
Хос дæр сын — сæ фаг.
Банцад куыдз рæйынæй,
Сырд нæ зыны 'ввахс.

'Ххормаг рувас дардæй
Систа хъæр, фæдис,
Уасæгæн йæ уастæй
Райхъал хъæуы 'мбис.

Сылгоймаг

Зæгъ-ма мын, сылгоймаг, кæд цардтæ æдыхстæй,
Кæд нæ хастай царды зын уаргъ.
Кæд нæ калдтай де ставд цæссыгтæ цæстытæй,
Кæд нæ кодтай цотæн фæндаг?!

Куы хъуыдис, уæд та-иу фыдгулмæ дæр кардæй
Лæбурдтай, нæ зыдтай хатыр.
Дæ фæлгонц дæр уымæн æрттивы фæзуатæй,
Дæ номыл æй сæвæрдтам ныр.

Сылгоймаг, сылгоймаг, нæ царды йæ тæдзæн,
Дæ лæггæдтæн бафидæн нæй.
Уæззау низ дæм ма 'рцæуæд, æмæ цæуæтæн
Æнусмæ фæцæрай фæрнæй.

ГÆЗЗАТЫ Маргаритæ

Ног аз — рухс бæрæгбон

Ног аз! Ног аз — рухс бæрæгбон!
Де 'рцыдмæ та ног кæсæм.
Ды — нæ ныфс æмæ нæ сомбон,
Мах дæм хорз зæрдæ хæссæм.

Цард хуыздæрæрдæм ды сараз,
Уымæ не 'ппæт дæр бæллæм.
Амонд таугæ разил, Ног аз,
Стыр ныфсимæ дæм цæуæм.

Сабырдзинад радт, фыццагдæр.
Фесаф хæстæн ды йæ кой.
Мауал уæд зæххыл æзнаг дæр...
Иууыл уарзæгой куыд уой!

Адæм хи куыстæй куыд цæрой,
Алкæй хæдзары — бæркад!
Хъæлдзæг фынгтыл-иу куыд бадой,
Хистæрæн куыд кæной кад!

Рæзæд фæсивæд æдзухдæр,
Хурæй байдзаг уæд сæ цард.
Уæнт уæлахиз дуджы "низтыл"...
Мацæуыл кæнæнт æнкъард!

Ног аз! Ног аз — рухс бæрæгбон!
Цингæнгæйæ дæм тырнæм.
Ды — нæ ныфс æмæ нæ сомбон.
Ивддзинæдтæм дæм кæсæм!

Спортивон фидиуæг



Зындгонд богæлтты рухс нæмттæ мысынæн

Беслæны Æнæниздзинады спортивон комплексы 24 декабры уыд Уæрæсейы сгуыхт тренертæ Дзæгъойты Рамазан æмæ Наниты Оледжы мысæн республикон-командон турнир уæгъдибар хъæбысхæстæй 2005-2007 азы æвзонггуырдты 'хсæн.

Æртыккаг бынатыл ерыс кæнгæйæ, Андиаты Сосланы номыл спортивон скъолайы командæ фæуæлахиз Республикæйы æвзонг сывæллæтты спортивон скъолайыл.

Финалы Таймазты æфсымæрты клубы командæ фæуæлахиз Рахиз-фарсы районы иугонд командæйыл. Уæлахиздзаутæ æмæ призертæн радтой грамотæтæ, майдантæ æмæ æхцайы лæвæрттæ. Турниры призон фонд уыдис 300 мин сомы: 1-аг бынатæн — 150 мин сомы, 2-аг бынатæн — 100 мин сомы, 3-аг бынатæн — 50 мин сомы.

Æппæтуæрæсеон турниры уæлахиздзау

Советон Цæдисы сгуыхт тренер Дмитрий Миндиашвилийы рухс ном мысынæн Красноярскы ахицæн æппæтуæрæсеон турнир уæгъдибар хъæбысхæстæй.

Хъотайты Тимур дзы бацахста фыццаг бынат 92 килограммы уæзы æмæ райста сыгъзæрин майдан. Красноярскы минæвар, ирон спортсмен æппæт фембæлдтыты дæр йæхи равдыста сæрæндæрæй. Кæронбæттæны фембæлд бурятаг ныхмæлæууæг Кирилл Эрхитуевыл æмæ йæ рамбылдта 10:0 хыгъдæй.

Æдæппæтæй ерысты архайдта 200 спортсменæй фылдæр.

Æрмхæцджытæ

Ирон æрмхæцджытæ лигæ АМС-ы бафидар кодтой сæ арæхстдзинад. Турнир ацыд Мæскуыйы инновацион центр "Сколково"-йы 23 декабры. Уæлахиздзаутæ систы Черчесты Олег (65 кг), Золойты Олег (75 кг) æмæ Дыгурты Сæрмæт 85 (кг).

Æвзист майдантæ райстой Цереккаты Роман (65 кг) æмæ Таутиаты Георги (105 кг).

Нæ уацхæссæг

Фестивал

"Амондыл ныхас"

Ныртæккæ æхсæнады стыр æргом здæхт цæуы, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы адæммæ. Зæгъæм, аразынц сын фадæттæ, цæмæй сæ арæхстдзинад фæлварой сфæлдыстады.

Инклюзивон театры рæзтыл зæрдиагæй архайы нæ республикæйы Театралон архайджыты цæдис, йæ сæрдар Гуыбиаты Хъазыбег. Абон Ирыстоны ис аст инклюзивон театры, æмæ сты алыхуызон. Кæд сценæйы ахъазын сæ бон нæу, куыд профессион артисттæ, уæддæр сæм ис курдиаты цæхæр, æмæ сын уый ныфс дæтты размæ цæуынæн. Зарынц, æмдзæвгæтæ кæсынц, кафынц, иннæтæ хъазынц уырыссаг классикты уацмыстæм гæсгæ спектаклты, æмæ уæд Парижы фестынц, уæд та — сæ фантази сæ кæдæм ахæссы, уым. Ацы бонты Дзæуджыхъæуы цы æнахуыр инклюзивон фестивал "Амондыл ныхас" ацыд, уый дæр уымæн у ноджы иу æвдисæн.

Фестивал арæзт æрцыд нæ республикæйы Культурæ, фæллой æмæ социалон рæзты министрадты æхху ысæй, бакуыстой йыл автономон æнæкоммерцион организаци "Арктур" æмæ Театралон архайджыты республикон цæдис.

Жюрийы уæнгтæ, нæ республикæйы адæмон артист **Дауыраты Эдуард**, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Кочиты Георги, Пагæты Фатимæ, Ходы Игор** бакастысты архайджыты куыстытæм. Сæ иу — инклюзивон театр "Арвæрдын"-ы литературон-драмон композици "Амондыл ныхас". Актрисæтæ — **Хадыхъаты Камиллæ, Икъаты Риммæ, Багаты Оксанæ** кастысты æмдзæвгæтæ рæсугъд æнкъарæнтыл: уарзондзинад адæймагмæ, цардмæ.

"Кæд сын æрвылбон царды дзурын æнцон нæу, уæлдайдæр та — æмдзæвгæтæ кæсын, уæддæр фæндаг ссардтой, фестивалы чи уыд, уыдоны зæрдæтæм, афтæ зæрдиагæй бакуыстой сæ композициийыл", — зæгъы Кочиты Георги.

Фестивалæн кæронбæттæн скодтой Кино æмæ театры скъолайы (ШкиТ-ы). Бæрæгбоны фæлыст залы æрæмбырд сты бирæ уазджытæ, æрбацыд Митын Дада дæр. Цæдисы сæрдар **Гуыбиаты Хъазыбег** загъта арфæйы ныхæстæ фестивалы архайджытæн, семæ чи кусы, уыцы педагогтæн: "Сымах равзæрстат зын, фæлæ хорз æмæ арфæйаг фæндаг — театралон аивад базонын! Æмæ уын зæрдиагæй арфæ кæнын! Ноджы фылдæр уæ къухы бантысæд!"

"Мæн фæнды абон алкæмæй дæр раппæлын, бузныг сын зæгъын, куыстуарзон æмæ æнæзивæг кæй сты, уый тыххæй. Нæ цæдис сын дарддæр дæр æхху ыс кæндзæн се сфæлдыстадон архайды", — зæгъы Пагæты Фатимæ.

Фестивалы архайджытæ хорзæхджынгонд æрцыдысты АНО "Арктур"-ы номæй арфæйы гæххæттытæй. Уый фæстæ ма уазджытæн ноджы иу хатт æвзонг артисттæ равдыстой се сфæлдыстад инклюзивон театртæ "Солнышко", йæ разамонæг — **Хъараты Аланæ**, "Босые души", йæ разамонæг æмæ фестивалы амидингæнæг — **Наталья Проторова, Бестауты Георги** æмæ йæ хъомылгæнинæгтæ **Хъодзаты Азæмæт** æмæ **Байцаты Иринæ**, фæндырдзæгъдæг **Саламты Эльвирæ**, суинаг музыкант **Дзагкойты Тимур, Григорий Уваров**, фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг. Уыдон зæрдиагæй саив кодтой фестивалы номыл кадджын мадзал.

КОЧИТЫ Лолитæ

Адæмон медицинæ

Цæмæй къах æмæ къухы ныхтæ ма сæттой æмæ фидар уой, уый тыхæй сæ сæрдын хъæуы сау æмæ сырх хъæлæрдзыйы донæй.

***

Цæмæй дæ ныхтæ урс уой æмæ иудадзыгдæр æрттивой, уый тыхæй сæ сæрдын хъæуы лимоны донæй, фæлæ арæх нæ, кæннод æгæр хус кæнынц æмæ аскъуыдтæ вæйынц.

***

Цæмæй дæ къухы ныхтæн сæ ирд æмæ урс хуыз фæстæмæ сног уа, уый тыхæй сæ хъæуы, лимоны кæрдихтæ æмæ апельсины сыфтæ кæм ныппарай, ахæм доны фæдарын.

***

Кæд дæ къухы ныхтæ ссау сты æмæ нал урс кæнынц, уæд сын сæ уæлцъар 7-10 боны иу хатт сæрдын хъæуы лимоны донæй, æмæ та фæстæмæ сæ раздæры хуыз райсдзысты.

***

Æнтæф бон уæ цæсгом уазал донæй нæ, фæлæ æхсут хъарм донæй æнæ сапонæй.

***

Уæ цæсгом боны дæргъы дыууæ хаттæй фылдæр ма 'хсут, кæннод йæ цъар хус кæны.

***

Уæ цæсгом куы цæхсат, уæд æвиппайды æддæмæ цæуæн нæй, уæлдæфæй цæсгом хус æмæ æнцъылдтæ кæны. Фæлæ уæ цæсгомы æхсадыл сахаты 'рдæг куы рацæуа, æрмæстдæр уæд ахизæн ис уынгмæ.

***

Цæсгом сапонæй арæх æхсæн нæй, фæлтау æй æхсут кæрдæджыты донæй.

Æфсинтæн зонынæн

❁❁❁

Нейлонæй конд дзæкъултæй саразæн ис тæбæгътæ 'хсæн хæцъилтæ.

❁❁❁

Кæрдтæ, уидгуытæ æмæ вилкæтæ дарын хъæуы хицæн лæгъзты, кæннод къуымых кæнынц.

❁❁❁

Авджын хæдзары дзаумæттæ ныхсыны фæстæ сæрфын хъæуы хус, сыгъдæг хисæрфæнæй, кæннод хъулæттæ кæнынц.

❁❁❁

Æвзист æмæ никелæй конд уидгуытæ, вилкæтæ æмæ кæрдтæ сыгъдæг кæнынц дæндæгтæхсæн порошок дзымариимæ хæццæйæ.

❁❁❁

Цайцымæнтыл, тæбæгътыл цы хъулæттæ вæйы, уыдон сисæн ис дзымарийæ хуылыдзгонд бæмбæгæй.

❁❁❁

Тæбæгътæ, уидгуытæ, вилкæтæ, цайцымæнтæ гæрзтæхсæн порошокæй ма 'хсут — æнæниздзинадæн зиан хæссы.

❁❁❁

Дзидзассæны хæйттæ, сойтæ æмæ дзидзайы хæйтты фæстæ сыгъдæг кæнын хъæуы глицеринæй.

Бæрæгбонмæ

Туристтæн зæрдæ цæмæйты æвæрæм

Ирыстонмæ фылдæр туристтæ цæуынц, афтæмæй зæрдæ дарын хъæуы, Ног азы бæрæгбæтты нæм Уæрæсейы алы къуымтæй кæй ратындзысты. Цъæйы йæ тыхы бацыд хæххон лыжæтыл бырыны афон, Дыгургомы дæр æй байгом кодтой.

Регионы уазал рæстæджы хи схъарм кæнæн ис термалон донгуырæнты, мыггæгты мæсгуытæ æмæ фидæртты 'хсæн тезгъо кæнæн. Цымæ хæрдзтæ цавæр рауайдзысты, Ног азы бæрæгбæттæ Цæгат Ирыстоны арвитгæйæ? Цалдæр боны дæргъы, туртæй спайда кæнгæйæ, уал дыл аэропорты сæмбæлдзысты. Уый фæстæ уæ хорз фендзысты бынæттон рестораны, уым банкъардзыстут ирон каникулты ад. Æндæр ран ирон чъиритæ кæд бахордтаиккат.

Дзæуджыхъæуы астæу уæ хорз фадæттимæ отельмæ бахондзысты, ам уæ бон бауыдзæн экскурсийы ацæуын æмæ æппæты фенддагдæр бынæттæ бабæрæг кæнын. Нæ сæйраг горæты температурæ уый аккаг у, æмæ зымæгон дæр тезгъо акæнат. Дыккаг бон гидимæ ацæуудзыстут хæхтæм, Ног азы æхсæв та арвитдзыстут рестораны хъæлдзæг программæимæ. Уый фæстæ уæ аласдзысты физонджытæ кæнынмæ, программæйæн диссаджы ном ис, ома фæснозт тезгъо.

Лыжæтæ кæнæ сноубордыл уæ бон абырын уыдзæн æрмæстдæр цыппæрæм бон. Цъæйы комы бацæуæн ис цъитимæ дæр. Уыдæтты фæстæ уæ бон бауыдзæн хъарм донгуырæнты хи цынайын. Ахъуыды кæн, уæд социалон хызты тынг бирæ фæндæттæ ис. Фондз боны турæн бахъæудзæн 50 мин сомы. Æнæ туроператоры æхху ысæй, Ирыстонмæ æрбацæуын кæй бафæнда, уыдонæн дæр цæгатирыстойнаг отельтæ бацæттæ кодтой фаг фæндæттæ.

Зæгъæм, хæхты суткæ фæцæрынæн хъæуы 8-20 мин сомы онг. Дзæуджыхъæуы æрлæвгæйæ, æмæ, Ног азыл ам сæмбæлын кæй фæнды, уыдонмæ фысымуæтты æнхъæлмæ кæсынц 5-12 мин сомы онг æргъæ. Ноджы асламдæр нæм ссарæн ис æндæр фысымуæттæ дæр.

Нæ уацхæссæг

Ног азы агъоммæ

Хиконд æви æцæг наз бæлас?

Ног аз æнæ заз бæласæй нæ фидауы. Уый бæрæгбоны сæйрагдæр мадзал у. Цъæхвæлыст рæсугъд бæласы уындæй адæймагыл цавæрдæр æхсызгондзинад бафты. Фæлæ ацы аз наз бæлæстæ, иннæ азтимæ абаргæйæ, афтæ тынг ничиуал æлхæны.

Дзæуджыхъæуы Къостайы проспекты Мыхуыры хæдзары дæллаг фарс цы фæз ис, уым нæзы бæлæстæй акæсæн нæй. Сæ дæргъ æмæ уæрх — алыхуызон. Уæйгæнæг Иван Куманяев куыд радзырдта, афтæмæй Цæгат Кавказы регионтимæ сын бадзырдтæ арæзт ис Уæрæсейы алы рæттæй наз бæлæстæ ласынæн.

Брянск, Пензæ æмæ Смоленскы облæсттæй. Дыккаг фæлтæр нал æрбаласдзыстæм, уымæн æмæ уæлдæр амынд облæстты 40 градусы онг уазæлттæ ралæууыдысты, æмæ ахæм температурæйы бæласмæ æвналæн нæй.

— Бæлæстæ куы нæ ауæй уой, уæд сæ цы фæкæндзыстут?

— Судзгæ сæ нæ бакæнтыл бафтауынæн. Нæзыты хихты бирæ витаминтæ æмæ минералтæ ис, фосæн чи бæззы, ахæмтæ. Советон дуджы алы колхозы дæр уыдис, нæзы бæлæстæ куыстгонд кæм цыдысты, ахæм цехтæ. Ныр, стæм рæттæй уæлдай, ахæм цехтæ нæй, — загъта **Иван Куманяев**.

Нæ республикæйы ацы аз наз бæлæсты базартæ бирæ нæй. Чи ис, уыдоны дæр бæлæстæ лæууынц, æлхæнæг арæх нæй. Уæрæсейы цæгатаг облæсттæй ласт бæлæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, тæригъæд сты. Уый бæрц нæзытæ ныццæгъд, æмæ сæ уый фæстæ æрысс, уый экологийæн цæйбæрц знаггадгонд æрцыд. Наз дыууæсæдæ азæй чысыл фылдæр цæры. Адæмæн æвдадзы хос у йæ туаггуыр, уæлдайдæр — рæуджыты низтæй сæйæг адæмæн. Æмæ уыцы хос бæлас дæтты, æрмæст æгас куы уа, уæд, фæрæтæй, хырхæй йæм нæ бавнæлдтой, афтæмæй. Калд бæлæстæ æгæстыл нымад нал цæуынц, кæд фæзæгъæм "живая елка", уæддæр. Куы йæ акалынц, уæд ма цалдæр боны сæ хæрздæфæй баулæфæм, уый фæстæ йæ хæрздæф фесæфы.

Ныртæккæ дуканиты хиконд наз бæлæстæ бирæ ис. Зынаргъ сты, сæ аргъ 3000 минæй уæлæмæ, фæлæ сæ пайда кæнæн ис алы аз дæр. Ома иу хатт æй балхæдтай æмæ дзы пайда кæныс алы Ног аз дæр. Райст, бавæрд, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, афтæ. Уыимæ равзарæн ис, йæ къалиутыл цыма мит æруарыд, ахæмтæ. Аив, хæрзконд хиконд бæлæстæ дæр къаддæр нæræвдауынц адæймаджы цæст. Бæрæгбоны сыл сывæллæттæ цин кæндзысты æмæ кардзыд адæм дæр.

САУТÆТЫ Тамилæ

— Цæгат Ирыстоны цалдæр боны йеддæмæ не стæм. Фæлхасгæнджытæ уый бæрц нæй, сæ æргътæм гæсгæ алкæй къух нæ амоны балхæнын заз бæлас. 1000 сомæй — 15 мины онг, сæ æргътæ. Æрбаластам сæ Ульянов, Киров, Челябинск, Свердлов, дзыстæм, быröндонмæ дæр сæ нæ акалдзыстæм, фæлæ сæ сырддонтæм баласдзыстæм, сыкъаджын сагтæ сæ хорз хæрынц, дыккаг вариант та — бакусынмæ сæ аласдзыстæм. Ссады онг сæ æрыссынц сæрмагонд цехты, стæй сæ фосдарджытæ æлхæнынц холлæг-

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Ремонт холодильников и стиральных машин. Тел.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.

Бинонтæ æмæ хиуæттæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Джыккайты Шамил æмæ Мураты хо — Джыккайты Федыры чызг Лидийæ зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн цыппæрæмы, 28 декабры, Весенняйы уынджы, 4-æм корпусы 1-аг хæдзары.

Номыры радхæссæг редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыхæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3128.
Заказ № 1490.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru